

**SUMATIF AKHIR SEMESTER
SMA POMOSDA TANJUNGANOM NGANJUK
TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

MATA PELAJARAN : BAHASA JAWA
KELAS /FASE : XI / F
HARI/TANGGAL : SENIN/ 16 Desember 2024
WAKTU : 60 MENIT
SIFAT : TUTUP BUKU
PENGUJI : AIDA MUSLIKAH ROSADI, S. Pd.

PETUNJUK KHUSUS**KODE SOAL:**

- (PG-1) ○ : Pilihan Ganda 1 (Satu) Jawaban Benar, dengan memberi tanda silang (X)
(PGK- L1) □ : Pilihan Ganda Komplek Lebih dari 1 (satu) Jawaban Benar, dengan memberi tanda silang (X)
(PGK-BS-1) : Pilihan Ganda Komplek Benar Salah 1 (satu) pernyataan, dengan memberi tanda centang (√)
(PGK-BS-L1) : Pilihan Ganda Komplek Benar Salah atau sejenisnya Lebih dari 1 (satu) pernyataan, dengan memberi tanda centang (√)
(MJDK) : Menjodohkan jawaban dengan menuliskan angka/huruf.
(IJS) : Isian Jawaban singkat
(U) : Uraian

Geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 1-3.

Wacanen geguritan “Sekolahanku” kanthi jeruning ati!

Sekolahanku

dening: AEMER

Sekolahanku...

panggonan anggonku golek ngelmu,
panggonan anggonku laku akhlakku,
diwulang dening Bapa-ibu Guru.

Sekolahanku...

sinau, maca buku,

ing panggonan iki,

aku diajari supaya karo wong tuwaku kudu bekti.

Ing panggonan iki,

aku diajari supaya bisa trampil,

supaya bisa mandhiri,

supaya tan ana rasa getun ing tembe buri

Ing panggonan iki,

aku diajari marang kanca aja sreji,

diparingi garapan kanggo gladhen,

kanggo sangu urip ing tengahing bebrayan.

Aku percaya...

sanajan abot kudu dilakoni,

kabeh mau kanggo kepentingan pribadhi,

kareben ngesuk dadi wong kang aji,

miguna tumrap bangsa lan nagari.

1. **(PG-1)** Miturut geguritan kang katulis ing dhuwur, prayogane para mudha lan mudhi nduweni greget anggane golek ngelmu kanggo sangu ing tengahing bebrayan. Bisane trampil, mandhiri, apik akhlake iku ora dumadakan dadine ananging kudu dibarengi proses. Pesen moral kang bisa kajupuk saka geguritan “Sekolahanku” yaiku

- (A) Para generasi kudu tumemen anggane sekolah tanpa nggatekake kahanan sakiwa tengene.
(B) Para generasi bisa nduweni patrap kang apik lan trampil kanthi dumadakan tanpa nengenake sinau.
(C) Dadi generasi kudu bisa nyaingi kancane supaya bisa unggul tinimbang liyane.

- (D) Generasi kang aras-arasan bakal antuk kabagyan ing tembe mburi.
(E) Para generasi kudu duwe greget anggone ngayahi lakon sanajan abot supaya getun ora bakal dumadi.
2. **(PG-1)** Salah sijine struktur lair geguritan yaiku panyitra. Ing pada katelu geguritan "Sekolahanku" iku nggunakake panyitra
- (A) Pandeleng lan pangrungu
(B) Panindak lan pangganda
(C) Panindak lan pangrasa
(D) Pangrasa lan pandeleng
(E) Pangrasa lan pangganda

Wacan ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 3-5.

Upacara adat tingkeban dianakake nalika calon ibu nggarbini pitung sasi. Ancase yaiku kanggo kaslametan calon bayi lan ibune utawa kanggo kang sipate tolak balak. Rerangken acara tingkeban luwih akeh tinimbang upacara ngupati. Urut-urutane yaiku siraman, nglebokake endhog pitik kampung ing jero kain calon ibu dening calon bapak, salin rasukan, brojolan, medhot lawe, mecahake wajan lan gayung, nyolong endhog lan pungkasan kendhuren.

3. **(PG-1)** Apa sebabe tingkeban dipengeti nalika jabang bayi umur pitung sasi?
- (A) Awit nalika jabang bayi umur 7 wulan wis bisa dioperasi sesar.
(B) Awit nalika jabang bayi umur 7 wulan wis bisa diarani bayine wis tuwa.
(C) Awit nalika jabang bayi umur 7 wulan wis bisa kalairake kanthi sampurna.
(D) Awit nalika jabang bayi umur 7 wulan si jabang bayi wis disebulake ruh.
(E) Awit nalika jabang bayi umur 7 wulan iku wis duweni raga sing sampurna.
4. **(PG-1)** Sing ditindakake nalika adicara brojolan ing upacara tingkeban yaiku
- (A) Nglebokake klapa gadhing enom
(B) Medhot lawe utawa lilitan benang (janur)
(C) Mecaahake wajan lan gayung
(D) Nyolong endhoge tanggane
(E) Kendhuren ngundang wong sakampung
5. **(PG-1)** Salah sawijine pangajab dianakake upacara tingkeban kasebut yaiku ...
- (A) Supaya jabang bayi lair kanthi slamet
(B) Supaya calon Ibu tansah pinaringan kasarasan
(C) Supaya apa kang dikarepake calon ibu bisa kasil
(D) Supaya calon Ibu lan bayi tansah pinaringan kaslametan
(E) Supaya kabeh kulawarga kali sing bebaya nir ing sambikala

Wacan iki kanggo mangsuli pitakon nomer 7-9.

Kanggo upacara selapanan putune minggu ngarep, Simbah mbutuhake jajan iwel-iwel. Dene takaran resep e kang di enggo yaiku sekilo glepung ketan, siji setengah klapa gedhe kang ura tuwa/enom banget, gula klapa/jawa 750 gr lan uyah sak cukupe. Resep semono, bisa kanggo iwel-iwel 55 bungkus cacah.

6. **(PG-1)** Pirang resep kang di butuhake simbah yen Simbah arep nggawe iwel-iwel 440 bungkus?
- (A) 7 resep
(B) 8 resep
(C) 9 resep
(D) 10 resep
(E) 11 resep
7. **(PG-1)** Saka resep iwel-iwel kasebut, yen Simbah arep nggawe iwel-iwel 330 bungkus, mbutuhake pirang butir klapa?
- (A) 5 butir klapa
(B) 6 butir klapa
(C) 7 butir klapa
(D) 8 butir klapa
(E) 9 butir klapa
8. **(PG-1)** Isih saka resep iwel-iwel e Simbah, yen Simbah ngersakake nggawe iwel-iwel cacah 330 bungkus. Yen sekilo gula jawa regane Rp16.000,-, sepira ragat kang di butuhake Simbah kanggo tuku gula jawa?
- (A) Rp70.000,-
(B) Rp71.000,-
(C) Rp72.000,-
(D) Rp73.000,-
(E) Rp74.000,-

9. (MJDK) Golekana pasangan kang trep miturut pangerten lan jenenge upacara adat!

1. Upacara wong Hindu kanggo mbalekake arwah leluhur menyang papan asale.	A. Ruwatan
2. Upacara adat Banyuwangi kanggo mujudake rasa syukur awit saka kasil panen.	B. Tingkeban
3. Upacara adat kang ancasa kanggo mbebasake wong utawa wewengkon saka ancaman bebaya.	C. Midodareni
4. Upacara adat kang dianakake ing wayah bengi kanthi ancasa supaya temanten putri katon manglingi.	D. Ngaben
5. Upacara adat kang dianakake nalika kandhutan Ibu umur pitung sasi.	E. Kebo-keboan

Tanggap wacana (Pidhato) ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 10-12.

Assalamu'alaikum Warahmatullah Wabarakatuh.

Kawilujengan saha kabagaswarasan mugé tansah ajiwa kasarira dhumateng panjenengan sedaya dalasan kula.

Rama Kiai Tanjung ingkang satuhu kula bekteni saha Ibu,

Ustadz Hendry Eko Aridonan minangka Kepala Pawiyatan SMA POMOSDA ingkang dhahat kinurmatan

Ustadz/ Ustadzah ingkang kula kurmati

Kadang kula sepuh kelas XII (kalih welas) ingkang kula tresnani

Saha para lenggah ingkang bagya mulya.

Minangka purwakaning atur sumangga kita sesarengan ngaturaken puja lan puji syukur ing ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Agung, ingkang sampun paring kanugrahan, rahmat, sarta hidayahipun dhumateng panjenengan sedaya dalasan kula, satemah ing kalenggahan enjing punika kula lan panjenengan sedaya saged makempal kanthi pinayungan karaharjan lan kabagaswarasan.

Kadang kula kelas kalih welas ingkang kula tresnani, ingkang sekedhap malih badhe nilaraken bangkuning pawiyatan SMA POMOSDA menika. Saaestunipun awrat, kula minangka sesuluh kelas sedasa saha sewelas ngaturaken panampi atur pepisahan saking kadang kelas kalih welas, awit para kadang santri kelas kalih welas sampun kula anggep sadherek piyambak ingkang sapunika badhe nilaraken pawiyatan ingkang kita tresnani. Nanging kados pundi malih, kados ingkang sampun dipunaturaken wakil kadang kelas kalih welas, bilih wonten pepanggihan tamtu badhe wonten pepisahan. Kula panjenengan sami naming manungsa limrah boten kuwawi nyelaki pepesthening Gusti Ingkang Maha Agung.

Kadang kelas kalih welas ingkang kula tresnani, kula minangka wakil saking kelas sedasa saha kelas sewelas ngaturaken agunging panuwun dene para kadang kelas kalih welas sampun ikhlas nyukani bimbingan ugi dukungan ingkang ageng paedahipun. Kula boten saged atur lelantu punapa-punapa, kejawi naming atur puja-pudyastuti wonten ngarsaning Pangeran mugé sadaya amal kasaenan mas ugi mba kelas kalih welas pikantuk lelantu ingkang murwat saking Gusti Ingkang Maha Agung. Kula naming saged dedunga mugya ingkang anggadhahi penggalah nglajengaken wonten ing pawiyatan sageda katampi, lan ingkang badhe langsung nyambut damel sageda tumunten pikantuk padamelan ingkang trep kaliyan ilmu ingkang sampun kaudi wonten ing bangkuning pawiyatan menika.

Para lenggah ingkang kinurmatan, cekap semanten atur panampi pamitan menika, menawi wonten kiranganipun atur kaladuking wicanten, kula tansah nyuwun agunging samudra pangaksami. Nuwun.

Wassalamu'alaikum warahmatullah wabarakatuh.

Sumber: www.sastrajawa.com

10. (PG-1) Teks tanggap wacana ing dhuwur nuduhake ing adicara

(A) Pambagya temanten

(B) Pambagya tingkeban

(C) Kumpulan karang taruna

(D) Pengetan kamardikan

(E) Pepisahan kelas rolas

11. (PG-1) Tata urutane tanggap wacana ing dhuwur sing trep yaiku

- (A) Salam pambuka, pambuka, panyapa, surasa basa, pangarep-arep, wusana, salam panutup
- (B) Salam pambuka, pambuka, panyapa, surasa basa, wusana, pangarep-arep, salam panutup
- (C) Salam pambuka, panyapa, pambuka, surasa basa, pangarep-arep, wusana, salam panutup
- (D) Salam pambuka, panyapa, pambuka, pangarep-arep, surasa basa, wusana, salam panutup
- (E) Panyapa, salam pambuka, pambuka, pangarep-arep, surasa basa, wusana, salam panutup

12. (PGK-BS-L1) Andharan ngisor iki wenehana tandha centang (v) miturut teks tanggap wacana ing dhuwur!

Andharan	Bener	Luput
1. Sesorah kaaturake dening santri kelas rolas		
2. Kadang kelas sewelas lan sepuluh ndongakne muga kadang kelas rolas bisa kasil pangajabe		
3. Wali santri kelas rolas uga kalebu para lenggah ing acara kasebut		
4. Basa kang digunakake ing sesorah yaiku basa krama alus		
5. Acara dilaksanakake ing wayah awan		

13. (PG-1) "Puput pepuntoning adicara, wus dumugi paripurnaning gati."

Ukara iku mathuke digunakake ing perangan

- (A) Pambuka
- (B) Atur pakurmatan
- (C) Isi
- (D) Rantaman adicara
- (E) Atur panutup

Kanggo mangsuli pitakon nomer 14.

- (1) swara lan lagu pocapan cetha
- (2) swarane kudu banter supaya kabeh krungu
- (3) ngobahake awak kanggo narik kawigaten
- (4) nggatekake tata rakite ukara kang becik
- (5) nggunakake unggah-ungguh basa kang becik
- (6) anggone micara ora ngambra-ambra, singkat, padhet, lan nduweni bobot isi

14. (PG-1) Bab-bab kang kudu digatekake nalika nindakake tanggap wacana dituduhake ing nomer

- (A) (1), (2), (3), (4)
- (B) (1), (3), (4), (6)
- (C) (1), (3), (5), (6)
- (D) (1), (4), (5), (6)
- (E) (1),(4),(6),(5)

15. (PGK-BS-L1) Andharan ngisor iki wenehana tandha centang (v) miturut unsur basa kang digunakake ing pranatacara lan tanggap wacana!

Andharan	Bener	Luput
1. Basa kang digunakake ing pranatacara lan tanggap wacana dicocogake karo pamiarsane		
2. Ing pranatacara bola-bali nggunakake ukara pakon		
3. Ing tanggap wacana nggunakake ukara andharan		
4. Pranatacara lan tanggap wacana bola-bali wicara ing saben miwiti lan mungkasi sawijining acara manut susunane acara		
5. Kekarone ora nggunakake ukara panyapa		

16. (PG-1) Bakuning ayahan pranatacara, minangka sopir/ kusir ing pasamuhan. Tegese

- (A) Ing upacara iku akeh paraga kang nyengkuyung minangka penumpang
- (B) Upacara bisa kalaksanan kanthi rancak utawa ora, komandhone ing pranatacara
- (C) Ing upacara iku, pranatacara dadi sopir kendharaan
- (D) Ing upacara iku pranatacara nggawa titihan ing pasamuhan
- (E) Akeh paraga sing nyengkuyung pranatacara dadi sopir/kusir

17. (PG-1) Para rawuh ingkang kula kurmati, ing wekdal punika Bapa Prasetya nampi kanugrahaing Gusti kang Murbeng Dumadi, keng putra kinasih Kusumaning Ayu Dyah Puspita Harumingtyas sampun nambut silaningakrami kalawan Sang Kusumaning Bagus arga Putra Dewa, putra panjenenganipun Bapa Puja Sentika, mijil saking tlatah Kartasura Hadiningrat.

Pethilan atur pambagya kasebut dhapuk ing acara

- (A) Pasrah pinampi jabatan
(B) Pepisahan siswa
(C) Karang taruna
(D) Pengaosan Desa
(E) Manten

Pethilan geguritan ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 18.

Jamus Kalimasada
dening : Rama Kiai Tanjung

Pitulung Agung
Jaya-jaya binangun mulya
Sumingkir mentiyung angkara
Wacana ngayawara

Sapa menungsa jati
Saka Sang Ruci
Kinabuka nyata kinamulyan jati
Ananging menungsa padha lirwa pada
keblinger lali

Jimat...siji kang kudu dirumat
Jisim mati tanpa wiji kang jati
Nyuwiji mati sakdurunge ketekan pati
Jamus Kalimasada

Wiji sejati nyatokake kekarepan ing
ngarsane Gusti
Ganda arum samudra perwitasari
Wujud kasunyatan dinyatakke rasa kudu
marang Guru Sejati
Tangeh lamun dijagaragas
Saka wacan saka ngimpi
Kandheg ing angen-angen
....

18. (IJS) Sawise maca geguritan ing dhuwur, banjur golekan tegese tembung-tembung ing ngisor iki ing basa Indonesia!

- | | |
|--------------------|-----------------------|
| a. Pitulung = ... | d. Lirwa = ... |
| b. Sumingkir = ... | e. Tangeh lamun = ... |
| c. Angkara = ... | |

19. (U) Ing masyarakat Jawa umume isih kenthel karo prosesi upacara adat. Ana akeh arane. Ing ngisor iki piranti lan ubarampe kanggo syarat ing prosesi upacara adat. Sebutna jeneng/arane piranti lan ubarampe ing gambar banjur jlentrehna maknane!



(1) Upacara Tedhak Siten



(2) Upacara Manten



(3) Upacara Tingkeban



(4) Upacara Tedhak Siten



(5) Upacara
Slametan/Tahlilan

20. **(U)** Saka 3 bab kang wis koksinaoni ing semester ganjil iki, coba jlentrehna faedahe kanggo diri pribadi lan lingkunganmu!